



Pou Piblikasyon Imedya: 07/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU DESIZYON TRIBINAL
FEDERAL LA K AP CHÈCHE DAVANTAJ POU LIMITE AKSÈ AK AVÒTMAN NAN
TOUT NASYON AN**

"Mwe choke anpil pa yon desizyon tribinal federal ki ap chèche limite aksè ak Mifepristone, ki se yon fòm medikaman avòtman san danje epi ki efikas ke plis pase senk milyon moun te itilize depi Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) te apwouve li plis pase de deseni pase. Desizyon san parèy la non sèlman anile pwosesis apwobasyon syantifik FDA a ki baze sou prè la, men tou li ouvri yon nouvo pòt yon fason alamant nan politize medikaman.

Mwen vle trè klè: Kèlkeswa desizyon jodi a, aksè avòtman ak swen toujou disponib nan New York. Pou nenpòt moun ki bezwen swen, eta nou an ap akeyi w ak bra ouvè. Anplis de sa, n ap travay ak gouvènman federal la, gouvènè yo, ak patnè yo atravè peyi a sou solisyon pou anpeche plis vyolasyon sou swen. Mwen te mande tou lejislati a pou konsidere aksyon pou pwoteje lòt avòtman medikaman, tankou mizoprostòl, pandan negosyasyon bidjè aktyèl yo.

Aprè divilgasyon desizyon Tribinal Siprèm lan pou anile *Roe* ane pase, nou te pran dispozisyon pwo-aktif pou pwoteje aksè ak swen nan klinik, sa gen ladan fè yon investisman lidè nasyonal 35 milyon dola a pou sipòte founisè avòtman atravè eta a, epi siyen yon pake lejislatif konplè pou pwoteje alafwa founisè avòtman ak pasyan pa yo. Anplis de sa, nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2024 mwen pwopoze a, mwen pwopoze pou ogmante pousantaj ranbousman Medicaid yo epi bay 25 milyon dola nan sipò pou founisè yo, sa ki pèmèt famasyen yo preskri kontwòl nesans, mete an aplikasyon pwoteksyon konfidansyalite done yo, ak elaji aksè ak avòtman sou kanpis SUNY ak CUNY yo.

Desizyon jodi a se yon lòt prèv ki montre ekstremis yo pa pral jis sispann elimine dwa pou yon avòtman. Olye de sa, yo ap travay aktivman, kont volonte yon vas majorite Ameriken, pou demonte konplètman swen sante repwodiktif nan tout peyi a. Mwen pral toujou goumen - san pè ni dekouraje - pou asire ke New York se yon pò ki an sekirite kote dwa avòtman pwoteje, kote epi avòtman an sekirite epi aksesib."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)